



Limon

Gid Pou Moun New Jersey



Konprann Envestigasyon ak Solisyon pou Limon

- *Pou ki kalite sèvis pou-m mande?*
- *Ki kalite Enspeksyon ki Enpòtan?*
- *Èske tès pou limon itill?*
- *Ki kalite enfòmasyon mwen dwe resewva aprè yon Enspeksyon?*



Gid pou Limon pou Moun New Jersey

Depatman Sante NJ
Moun, Anviwònman ak Okipasyonèl
Sèvis Sante
Sante Anviwònman ak okipasyonèl
Pwogram Evalyasyon
P.O. Box 369
Trenton, NJ 08625-0369

Telefòn: 609-826-4950
Faks: 609-826-4975
Sit Wèb: www.nj.gov/health/iep



Tab dè Matyè

Objektif	1
Definisyon Pou Limon	1
Kijan Limon Grandi	1
Kisa Limon Sanble.....	2
Konprann Sa Limon Ye	2
Pwoblèm Sante.....	3
Evalye Risk.....	4
Idantifye Limon.....	4
Konsèy Debaz pou anplwaye yon konsiltan oswa Yon Moun pou repare pwoblem Limon.....	5
Pou ki kalite sèvis pou-m mande.....	6
Poukisa yon Enspeksyon ak Evalyasyon vizyèl Nesesè ...	7
Ranje pwoblèm dlo ki pete ak tretman pou limon	7
Kilè tes pou limon Nesesè	8
Plan pou Tès	9
Enfòmasyon ou dwe resevra apre yon enspeksyon	10
Aksyon Korektif.....	11
Ki moun ki dwe netwaye Limon	11
Lis pou Enspeksyon	12
Tretman	13
Lis Tretman Pou Limon.....	13
Referans	14



Objectif

Gid sa yo la pou ede moun ki abite New Jersey konprann ksa limonye, kijan pou netwaye'l yon fason ki san danje, epi si sa nesèsè, chwazi yon kontraktè pou fè tretman. Gid sa yo la pou kay moun abite. Ajans Pou Pwoteksyon Anviwonman nan Etazini (US EPA) gen lòt gid pou plas komèsyal ak lekòl ki disponib nan



<http://www.epa.gov/mold/pdfs/moldremediation.pdf>.

Definisyon Pou Limon

Limon se fongis ki grandi yon fason natirèl nan anviwònman an.. Plizyè diferan espès Limon egziste nan New Jersey. Limon ede pou detwi bagay ki mouri epi chanje yo an matyè òganik ki kapab itil yon moun ap bèt vivan.

Kijan Limon Grandi

Limon detwi bagay nan kay kote yo grandi. Ou ka jwenn prèske nenpòt kote epi yo ka grandi sou nenpòt ki materyèl depi kondisyon yo favorab. Pou kondisyon ki favorab pou yo grandi, limon bezwen eleman nitritif (oksijèn ak imidite).

Limon detwi bagay nan kay kote yo grandi.

Limon repwodui pa mayen yon bagay yo rele espò. Espò sa yo gaye nan lèzè, deyò ak andedan kay la. Si espò a tonbe sou yon materyèl ki apwopriye nan kondisyon ki favorab, limon an ap kòmanse grandi.

Kisa Limon Sanble


Limon grandi an gwoup epi kwasans ka pran diferan fòm ak diferan koulè. Gen kèk limon ki ka parèt tou ron nan kwasans pandan ke kèk lòt ki ka grandi epi gaye pou kouvri yon zòn. Mwazi ka gen koulè mawon, jòn, vèt oswa nwa. Aparans yo depann sou espès limon ke ou genyen an.



Konprann Sa Limon Ye

Menm si limon tout kote, yo ka vin tounen yon pwoblèm lè yo kòmanse grandi andedan kay ak ofis. Anpil materyèl tankou klazon sèch, plafon mozayik ak bwa gen yon bagay ladan yo ki rele selilos ki ka fè limon grandi.

Lè limon vin byen grandi, li kapab kraze kay la. Limon ka grandi san ou pa wè'l, nan plafon kay, dèyè mi, nan grenye ak nan lòt ki kwen. Limon ki fè vre mak nan mi yo ak nan plafon an epi yo ka kòmanse kraze poto nan kay la ki ka lakòz anpil domaj.



San imidite = Pa gen limon

Anpil imidite se engredyen kle pou limon grandi. Sous imidite yo se dlo ki pete nan kay la, dlo kap koule nan tèt kay la oubyen nan fenèt, inondasyon oubyen kondansasyon anndan mi yo.

Pwoblèm Sante



Li enpòtan pou'w sonje, ke moun ta dwe konsilte doktè yo si yo sispèk gen efè negatif sou sante akòz limon.

Moun ki gen pi gwo risk:

- Moun ki deja gen pwoblèm sante (alèji; pwoblèm poumon tankou opresyon)
- Ti bebe
- Moun ajè

Limon emèt espò ak pwodwi chimik kòm yon pati nan lavi nòmal yo epi kèk moun kapab gen yon reyaksyon lè yo rantre an kontak ak materyèl sa yo. Ou pa ka wè espò ki nan limon yo epi kou yo degaje nan lè a, ou fasil pou respire yo. Espò ka gen bagay ladan yo ki ka lakòz iritasyon nan nen, nan gòj la ak nan poumon.

Kèk Efè Sou Sante:

- Alèji—etènye, nen bouche
- Iritasyon nan nen, nan gòj la ak nan poumon
- Opresyon
- Nemoni



Limon mwazi ka emèt òganik mikrobiyolojik (MVOC's). Pwodwi chimik sa yo yo souvan genyen yon odè fò ak dezagreyab, epi yo asosye avèk sant ki fe limon konne gen limon nan kay la. Pwodwi chimik sa yo, lè yo degaje nan lè a, ou ka rale yo nan tou nen'w oswa absòbe yo nan po'w. MVOC's kapab ajè kòm yon iritan epi yo trouve yo ka bay tèt fè mal, kè plen, vètij ak fatig.

Nòt: Kèk limon ka lakòz reyaksyon pi grav pase deseri lòt . Si ou gen reyaksyon grav, ki amelyore lè ou kite kote ki afekte a, ou ta dwe pale ak doktè ou ak yon konsiltan pou ou konnen ki ou dwe rete nan kay la, apatman an oswa lòt kalite plas kote pwoblèm nan egziste.

Evalye Risk

Gen faktè ki ka itilize pou evalye si gen risk sante ki prezan. Faktè sa yo genyen ladan yo:

- Evalye moun pou wè ki efè limon fè sou yo (timoun, gran-moun aje ak moun gen pwoblem sante deja)
- Nan ki nivo limon an grandi
- Kondisyon ki fe limon an grandi




Idantifye Limon

Idantifye limon nan kay ou ta dwe toujou kòmanse ak yon bon jan enspeksyon vizyèl. Mèt kay la oswa yon konsiltan anviwònman ki kalifye ka fè yon enspeksyon.

Anpil imidite se toujou yon engredyan kle pou limon grandi. Egzamine kay a pou we si gen dlo ki pete ak lòt sous imidite. Se premye plas pou chache pou limon. Limon grandi byen sou materyèl ki genyen selilos. Konsa, tout materyèl ki gen selilos (plafon mozayik, poto, bwa, etc.) dwe byen enspekte pou wè si gen limon kap grandi sou yo.

Ki kote pou'w tcheke pou limon:



- Nenpòt zòn ki gen imidite oswa ki te gen dlo pete
- Sousòl, kwen, Grenye.

Kisa pou'w chache:

- Dekolorasyon sou mi oswa plafon ki kontinye ap grandi oswa chanje koulè
- Yon vre sant



Konsèy Debaz pou anplwaye yon konsiltan oswa Yon

- Mande reprezantan konpayi si enspektè an te pran yon fòmasyon espesyalize pou travay nan evalyasyon limon (gade lisans pou konsiltan, paj 7).

- Mande kontraktè a konbyen tan li genyen depi lap fè kalite travay sa epi mande pou referans pou pwojè menm jan ak pa'w la.

- Pran pri nan men diferan konpayi, paske pri yo ka gen anpil diferans. Pri yo ba ou yo dwe detaye epi gen ladan'l tout sèvis yo dwe ba ou yo. Sèvis ki ka fè pati nan pri a se echantiyon, ranplasman, repara-

syon domaj, elatriye. Fè kontraktè a vini nan nan kay la olye pou'l bay yon pri nan telefòn. Be wary of an estimate that is much lower than other estimates. Se pou'w pridan pou pri ki ba anpil pase lòt yo. Yon pri ki ba pa vle di ke kontraktè a pap fè yon bon travay, men asire'w ke ou tcheke referans epi fe'l ba ou espikasyon detaye sou papye sou sa li pral fè yo anvan kòmansman travay la.

- Pale ak chak kontraktè epi chache konnen ekzakteman kisa yo pral fè nan travay la. Si yon bagay pa sanble'l dwat, mande plis enfòmasyon konsènan sak pral fèt la anvan'w chwazi kontraktè sa. Si ou pa asire'w ke travay la konfòm ak règleman Kòd lokal yo, kontakte biwo kòd lokal yo anvan ou pèmèt kontraktè a kontinye.

- Chache konnen ki kalite asirans kontraktè a genyen. Mande ki kalite asirans li ye, kisa li kouvri ak kantite lajan. Si ou pa fin sèten sa asirans la kouvri, ou bezwen asire'w ke li kouvri travay pou tretman limon.



Konsèy Debaz pou anplwaye yon konsiltan oswa Yon

- Paye atansyon sou fason kontraktè a reponn ou pandan ankèt la ak pwosesis òf pou travay la. Èske kontraktè a retounen apèl ou byen rapid? Èske li te vini alè? Èske li te reponn tout kesyon'w yo oswa ba'w resous ki ka adrese keksyon sa yo? Reflich sou repons sa yo anvan ou chwazi yon kontraktè.
- Yon kay pa kapab fèt san limon. Evite yon kontraktè ki fè'w konnen li kay fè kay ou an vin konplètman san limon.
- Kontakte Biwo Komès Federal la, Biwo Pwoteksyon Kliyan (Contact the Federal Trade Commission, Bureau of Consumer Protection and the Better Business Bureau) pou'w tcheke si gen plent kont konpayi an. Kontraktè a tou ka gen lisans fè travay amyant nan NJ. Ou kapab kontakte biwo lisans pou tcheke pou'w konne si yo gen yolasyon kont yo. Gade Seksyon Referans lan (paj 15) pou plis enfòmasyon sou kijan ou ka kontakte ofis sa yo.
- Konsidere sèvi avèk yon diferan konpayi pou fè tès avèk tretman. Sèvi avèk menm konpayi an kapab vin yon konfli enterè ke ou dwe evite.
- Konsiltan ta dwe ba'w yon rapò sou pape pou enspeksyon an ki gen ladan'l yon rezime de tout zòn yo enspekte, kòz limon an, kijan pou'w pran ranje pwoblèm lan epi rezilta tès yo te fè.

Pou ki kalite sèvis pou-m mande

Mande yon plan pou fè pwoblèm dlo kap koule sispann - Anvan tretman limon ka konplètman fin sou pye, pwoblèm dlo kap koule dwe fikse.



Pa sèlman mande pou tès limon !

Mande yon plan tretman pou limon - Yon fwa pwoblèm dlo kap koule a fikse, tretman limon an ka komanse. Plan sa a pral enpòtan lè wap anplwaye yon kontraktè fè tretman. Si yap fè tès - Mande poukisa yap fè'l, ki kalite tès yap fè, epi kisa tès la ap rapòte.



Poukisa yon Enspeksyon ak Evalyasyon vizyèl Nesesè?



Yon bon jan enspeksyon vizyèl ak evalyasyon se pwosedi ki pi enpòtan pou gen enfòmasyon pou'w konnen si'w gen limon. Yon enspeksyon vizyèl ak evalyasyon va egzamine zòn ki kapab afekte ak dlo kap koule oswa twòp imidite epi idantifye zòn ki gen limon.

Ranje pwoblèm dlo ki pete ak tretman pou limon


Si yo idantifye yon pwoblèm limon pandan enspeksyon vizyèl, yap bezwen devlope yon plan yo korije pwoblèm dlo ak imidite an-sanm ak yon plan pou netwaye limon an. I Enfòmasyon yon enspeksyon vizyèl rapote ap ede yon konsiltan pwofesyonèl nan fason sa yo:

- ☑ Idantifye sous imidite konsa ke li ka fikse anvan yo eseye elimine pwoblèm limon.
- ☑ Ede detèmine ki valè limon ki genyen.
- ☑ Si sa nesèsè, ede yo met sou pye yon estrateji teste limon an (gade seksyon ki di “Kilè tes pou limon Nesèsè?” pou'w detèmine si'w bezwen fè plis tès).
- ☑ Ede devlope yon plan pou trete pwoblèm limon an.
- ☑ Si dlo ki te lakòz limon an, genyen lòt sibstans danjre, lap mande lòt etap pou evalye ak pwòpte zòn lan.



Kilè tes pou limon Nesesè?

Tanpri sonje: Si yon enspeksyon vizyèl revele prezans limon, lòt tès pa nesèsè.




Yon fwa yo idantifye yon pwoblèm limon, yap bezwen resous pou korije nenpòt pwoblèm imidite epi netwaye kontaminasyon limon an, olye ke pou fè tès. Sepandan, si yo pa jwenn limon pandan yon enspeksyon vizyèl epi ou toujou sispèk kay la gen limon, li ka nesèsè pou fè tès. Ou dwe paran an konsiderasyon depans pou tès lan lè wap decide si ou vle fè tès limon. Yon moun ki kalifye nan domèn lan dwe fè tès la (gade Lisans pou konsiltan, paj 7). Depatman sante kote w'ap viv lan kapab ede'w oswa ou ka kontakte yon konsiltan nan zòn lan ki espesyalize oubyen gen eksperyans nan evalyasyon kontaminasyon limon.

Si tès pou limon nesèsè, yo ka pran echantyon materyèl ki bati kay la, pousyè oswa lè ki pral ede detèmine nivo kontaminasyon limon an. Koleksyon echantyon limon ede yon konsiltan detèmine espès limon ki prezan, konsantrasyon epi si limon an aktivman ap grandi.

Tes pou kont, anjeneral, pap bay tout enfòmasyon ki nesèsè pou evalye nivo limon an ak pwoblèm imidite.



Plan pou Tès



Lè li nesèsè pou fè tès, yo bezwen fè sa ansanm avèk yon investigasyon.. Sa ap bay yon evalyasyon egzakt sou kondisyon kay lan. Pou fè sa, yo ta dwe devlope yon plan espesifik pou tès lan.

Pi bon plan pou tès se plan ki fèt pou zòn kote yo sispèk gen limon epi li ta dwe genyen ladan enfòmasyon sou rezon ki fè yo fè tès nan zòn sa. Tès konsiltan dwe fè gen ladan : pousyè ak echantiyon lè.

Yo ka bezwen fè lòt tès pou evalye imidite nan kay la epi mezire nivo imidite nan materyèl nan kay la nan zòn yo sispèk ki ka gen limon. Yo ka fè tou tès pou kote yo sispèk ki gen limon.





Enfòmasyon ou dwe resevwa apre yon enspeksyon Aksyon Korektif

Rezilta enspeksyon ak evalyasyon limon an dwe nan yon rapò final. Rapò final la dwe gen twa eleman: Yon rezime enspeksyon ki te fèt la; yon rezime sou kondisyon limon an ak yon rezime sou kondisyon imidite.

Chak eleman rapò an anba a:



Rezime Enspeksyon

- Rezime sou enspeksyon ki fèt lan ak ki zòn yo te enspekte.
- Detaye teknik yo te itilize pou yo ka fè enspeksyon ak evalyasyon yo.

Rezime Enfòmasyon sou Imidite

- Idantifye sous dlo ki pote oswa imidite.
- Espesifye aksyon ke yo bezwen pran pou ranje pwoblèm dlo'k pote oswa imidite.

Rezime Enfòmasyon sou Limon

- Rezime pwoblèm limon yo jwenn, ki gen ladan plas espesifik, yon ide sou gwo zòn ki afekte an ak bagay ki afekte ak sitiyasyon an.
- Yo dwe kategori gwo zòn ki afekte yo. Sa ap ede yo devlope yon plan tretman.
- Enfòmasyon sou lòt kontaminan ki kapab prezan (sitou kote dlo kap koule dlo oswa nan ka inondasyon)

Aksyon Korektif

Si yo jwenn yon pwoblèm limon, yo bezwen swiv kèk etap pou adrese kondisyon sa yo. Tretman nesèsè pou anpeche plis domaj nan kay ak efè sou sante.'w. Gen etap espesifik ke Ajans Pwoteksyon Anviwonman Etazini an (USEPA) mete sou pye pou trete kontaminasyon limon. Kèk nan yo se:

- ☑ Idantifye sous imidite an epi fikse'l.
- ☑ Jete oubyen netwaye bagay ki kontamine ak limon.
- ☑ Retire limon an epi asire'w zòn kote limon an te ye a sèch avan ou kòmanse fè reparasyon nan kay la.

USEPA di li enpòtan tou pou'w pa sèlman touye limon yo men pou'w netwaye zòn kote yo te ye a paske men limon ki mouri ka kontinye fè'w malad. Gade Seksyon Referans lan (paj 16) pou plis pou plis enfòmasyon sou kijan ou ka kontakte USEPA.

Ki moun ki dwe netwaye Limon?


Dside "ki moun" ki dwe fè travay tretman pou limon pa toujou fasil. Pou ti zòn piti ti afekte avèk limon (sa vle di, mwens pase 10 pye kare), mèt kay la oswa anlwaye ka pran syen kay lan (pou



apatman ak kondominyòm) kapab anmezi pou fè travay la. Pou zòn ki pi gwo (sètadi, ki gran pase 100 pye kare), ou dwe anlwaye yon kontraktè kalifye ki gen eksperyans nan tretman limon swa kontaminasyon nan anviwònman. Ou dwe chache opinyon pwofesyonèl pou zòn ki afekte ki ant 10 pye kare pou rive jiska 100 pye kare. Ale nan paj 5 pou enfòmasyon sou kòman pou'w chwazi yon kontraktè.



Lis Tretman Pou Limon



Enspeksyon an

- Pran pri nan men kèk kontraktè.
- Chwazi yon konsitan (gade paj 5).
- Fè yon kontra pou travay ki bezwen fèt la.
- Zòn yo dwe enspekte pou sous imidite.
- Zòn yo dwe evalye pou siy limon oswa imidite.
- Eske ya fè tès? Si wi, yon eksplikasyon poukisa yap fè tès ak yon plan tès lan (ki montre konbyen echantiyon, kote yap pran echantiyon sayo, elatriye)
- Si yo jwenn limon epi mwayen yo pèmèt, yo dwe devlope yon plan tretman pou fè reparasyon pou domaj dlo ki te pete te lakòz, retire bagay ki domaje, trete limon an epi detèmine ki kontraktè wap bezwen kontakte pou fè tès final apre tretman fini.
- Asire'w yo fè yon bon janke enspeksyon vizyèl anvan yo pran echantiyon oswa fè tretman.

Daprè rezilta enspeksyon vizyèl:

- Detèmine sous imidite epi kisa ki bezwen fèt pou fè reparasyon nan kay la epi korije pwoblèm nan.
- Detèmine si yo bezwen echantiyon / tès, si yap fè sa, ki kalite echantiyon, konbyen echantiyon, pri, elatriye

Lè nspeksyon, tès ak echantiyon fin konplete:

- Mande pou konsiltan esplike'w rapò a epi entèprete rezilta yo.
- Konsiltan dwe devlope yon plan pou trete pwoblèm limon an.
- Nan moman sa, ou ta dwe kòmanse pwosesis pou'w chwazi yon konpayi pou fè travay la.
- Lè tretman pou limon yo fini, yo dwe fè plis tès pou asire ke nivo limon nan kay la tounen nan nòmal (ke yo te detèmine anvan tretman te kòmanse).



Tretman

Netwaye limon kapab koze yon danje, kèlkeswa moun ki ap fè travay la, mwayen pou pwoteje travayè yo ansanm ak moun ki rete nan kay dwe sou pye.

Travayè yo bezwen pwoteje tèt yo ak gan, mas respiratwa, rad pwoteksyon ak linèt oswa kèk kalite pwoteksyon pou je. Epitou, yo bezwen bare zòn kote limon yo ye a pou anpeche yo gaye nan lòt zòn.

Nan yon fason pou sèvi piblik la, NJ DOH genyen yon lis kèk nan konpayi ki ka ede nan evalyasyon kontaminasyon limon ak tretman. Mèt kay la dwe edike tèt li pou asire'l ke kontraktè l'ap pran pou fè travay la kalifye. Gade paj 5 pou enfòmasyon sou kijan pou'w chwazi yon kontraktè. Gade "*Trade Firms, Consultants and Remediation Firms*" nan paj 16 kote wap jwenn lis NJ DOH mete sou pye a.

Lis Tretman Pou Limon

- Pran pri nan men kèk kontraktè.
- Chwazi yon konsitan (gade paj 5).
- Fè yon kontra pou travay ki bezwen fèt la.
- Asire'w ke'w okouran sa kap fèt la.
- Ou dwe jete tout bagay (kapèt, finiti, etc.) ki gen limon.
- Yo dwe fè tretman pou tout pati nan kay la ki gen limo (bagay ki bezwen tretman yo dwe nan plan tretman konsilta te fè pou yo an).
- Lè tout tretman fini, yo dwe fè lòt tès pou asire ke limon nan kay la nan yon nivo nòmal. Pale avèk konsiltan avan tretman yo pou'w ka konnen ki nivo limon ki nòmal pou moun ret nan kay la.
- Reparasyon nan kay la kapab kòmanse ranplase pati nan kay la yo te retire ki te gen limon





Referans

Foto:

Kèk nan foto yo se koutwazi Laboratwa Aeroteck ak Laboratwa EMSL

Enfòmasyon:

- American Conference of Governmental Industrial Hygienists, “Bioaerosols: Assessment and Control” ACGIH, 1330 Kemper Meadow Drive, Cincinnati, OH, 45240, ISBN: 882417-29-1, 1999.
- New York City Department of Health, Bureau of Environmental and Occupational Disease Epidemiology, “Guidelines on Assessment and Remediation of Fungi in Indoor Environments”, November 2000.
- U.S. Environmental Protection Agency, Office of Air and Radiation, Indoor Environments Division, “Mold Remediation in Schools and Commercial Buildings” EPA 402-K-01-001, March 2001.

Kontak pou Enfòmasyon:

NJ DOH Consumer, Environmental & Occupational Health Service, Environ. & Occupational Health Assessment Program
609-826-4950

NJ Department of Community Affairs, Lead Licensing
609-633-6224

NJ Department of Labor & Workforce Development, Asbestos Licensing
609-633-2159



Referans

Kèk ransèyman itil sou entènèt:

NJ DOH

Trade Firms, Consultants and Remediation Firms:

http://www.nj.gov/health/iep/mold_ta.shtml

Additional Links:

http://www.nj.gov/health/iep/mold_links.shtml

FTC, Bureau of Consumer Protection

<https://www.ftccomplaintassistant.gov/>

Better Business Bureau

<http://www.bbb.org/us/Contact-BBB/>


U.S. Environmental Protection Agency

<http://epa.gov/mold/>

NJ Department of Community Affairs, Local Building Code Offices

http://www.state.nj.us/dca/divisions/codes/publications/pdf_oral_muniroster.pdf





NJ
Moun, Anviwònman ak Okipasyonèl
Sèvis Sante
Sante Anviwònman ak okipasyonèl
Pwogram Evalyasyon
P.O. Box 369
Trenton, NJ 08625-0369

: 609-826-4950

Faks: 609-826-4975

Sit Wèb: www.nj.gov/health/iep